

Nomor : Nama :Nilai :

SILIH AJENAN



Harita keneh Musa, KM di eta kelas enggal nyiapkeun rerennncanganana. "Siap, berdiri, beri salam!" ceuk Musa. "Wilujeng enjing pa!" ceuk barudak meni reang patarik-tarik. "Wilujeng enjing," tembal Pa Bukhori.

"Barudak, saha dinten ayeuna nu teu sakola?" ceuk Pa Bukhori. "Ayi sareng Dinda, Pa!" ceuk Dinar. "Ku naon make teu sakola?" ceuk Pa Bukhori. Euh...euh...Ayi mah udur, Pa. Upami Dinda mah ijin. Duanana oge teu ngintun serat. Ti ayi mah ditambahan ku serat keterangan ti dokter," ceuk Hapsari.

"Oh kitu! Suga bapa teu sakola teh marales. Keun we atuh ari kitu mah. Ngan pesen ti bapa, upami Ayi to s lima dinten masih keneh teu sakola, hidep sadaya kedah ngalongok ka bumina, nya," ceuk pa Bukhori.

"Mangga pa," tembal barudak meni reang.

Sabada ngabsen, Pa Bukhori ngawulang perkara silih ajenan jeung sasama jalma. Saur Pa Bukhori, "Silih ajenan sareng rerencangan di kelas, atanapi di sakola kalebetna kana tatakrama. ari tatakrama teh rupi-rupi. Aya tatakrama dina nyarios, dina tuang, waktos natamu, jeung nu sanesna deui. Tatakrama teh peryogi dina hirup kumbuh sadidinten, margi ku ayana tatakrama urang bakal silih ajenan.

Nu diajarkeun ku pa Bukhori teh neueul kana tatakrama waktos nyarios. Saur anjeuna, "Dina cumarios basa sunda teh urang kedah nganggo undak usuk basa. ari undak usuk basa teh nyaeta sopan santun dina ngagunakeun basa sunda. aya tilu tahapan undak usuk basa sunda teh, nyaeta basa kasar (cohag), basa sedeng (loma), jeung basa lemes."

"Pa Bruno sareng Tigor mah teu acan tiasa nganggo basa lemes," ceuk Ucup.

"Muhun Pa pan Bruno sareng Tigor mah sanes urang sunda," tembal Lia.

"Teu nanaon upami teu acan tiasa mah, sakitu oge sae, kersa nyarios ku basa sunda. Tapi kedah teras diajar nganggo basa nu lemes mah, nya!" saur pa Bukhori.

"Enya, Pa," walon Bruno jeung Tigor.

Barudak raresepeun pisan diajar ku Pa Bukhori. Eta we diajar oge teu karasa geus lekasan deui.

Dicutat tina buku Pangrumat Basa Sunda

Pek jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Ku naon Dinda teu lebet?
2. Naon kabiasaan goreng barudak upami euweuh guru?
3. Saha nu mawa beja yen Dinda teu lebet?
4. Saha nu ngawulang kelas 5 teh?
5. Naon nu diajarkeun ku Pa Bukhori teh?
6. saha wae nu teu sakola teh?
7. Ku naon cenah teu sakola?
8. Naon manfaatna silih ajenan jeung babaturan?
9. Cing tataan tatakrama nu hidep nyaho?
10. Naon ari nu disebut undak usuk atawa tatakrama basa Sunda teh?

